



Pou Piblikasyon Imedya: 01/04/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN KAD PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE REGENERON AP KREYE 500,000 KIT TÈS POU ETA A GRATIS**

***Corning te fè don 100,000 tib e yo founi 500,000 tib a pri redui ak transpò rapid nan Eta New York; Puritan vann tanpon medikal nan Eta a***

***Li anonse teren jwèt nan Vil New York yo pral fèmen pou reponn ak mank konfòmite avèk pwotokòl distans sosyal yo; Espas lib yo pral rete ouvè***

***Nouvo [PSA](#) founi enfòmasyon sou kijan pou aplike pou avantaj chomaj yo, li rasire Nouyòkè yo ke tout moun ap resevwa avantaj konplè menm si yo ranpli yo anreta a***

***Li raple Nouyòkè yo pou yo ranpli resansman 2020 Ameriken an sou entènèt, atravè telefòn oswa pa lapòs***

***Konfime 7,917 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki mete total nan tout Eta a nan 83,712; nouvo ka nan 42 Konte***

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke Regeneron Pharmaceuticals ki baze nan New York ap kreye 500,000 kit tès pou Eta a gratis nan mitan moman kote gen yon mank kit tès ak tanpon nan tout peyi a. Yo te fè livrezon premye lo tès yo nan Eta lendi a epi Eta pral resevwa yon livrezon kontinyèl 25,000 kit pa jou. Anplis de sa, Corning te fè don 100,000 tib epi li founi yon lòt 500,000 tib nan Eta a pri redui ak livrezon rapid, ak Puritan vann tanpon medikal bay Eta a. Jiska dat, Eta a deja teste 220,880 moun, ak 15.694 nouvo moun ki teste yè sèlman.

Gouvènè Cuomo te anonse tou ke teren jwèt yo nan Vil New York pral fèmen pou reponn ak mank konfòmite ak pwotokòl distans sosyal yo. Espas lib nan Vil New York yo pral rete ouvè.

Anplis de sa, Gouvènè a te anonse lansman yon nouvo [PSA](#) ki founi enfòmasyon sou fason pou aplike pou avantaj chomaj yo ak rasire Nouyòkè yo si yo depoze dosye chomaj yo an reta, yo pral toujou resevwa avantaj chomaj yo konplè, PSA a disponib tou ak soutit ki tradui an espanyòl [isit la](#).

Gouvènè a te raple Nouyòkè yo tou pou yo konplete resansman 2020 an sou entènèt la, pa telefòn oswa pa lapòs.

"New York te trè agresif nan fè tès yo depi premye jou a - jouk jounen jodi a nou deja teste plis pase 220,000 Nouyòkè ak plis pase 15,000 nouvo tès chak jou - e li ede nou ralanti pwopagasyon viris sa a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Fè tès rapid se fason ki pi rapid pou retounen nan vi nòmal la epi pou remete ekonomi an sou pye, epi li pral ede tou fini ak enkyetid ki vin pati ki pi opresif nan sitiyasyon sa a. Kounye a nou gen nouvo kapasite pou fè tès nan New York gras a don ki soti nan Regeneron ak Corning pou nou ka kontinye travay nou pou planifye pou pi devan ak prepare pou lè somè koub la frape sistèm swen sante nou an. Antretan, Nouyòkè yo dwe kontinye konfòme yo avèk tout pwotokòl distans sosyal yo epi rete lakay yo tout fwa sa posib pou anpeche pwopagasyon viris sa a bay lòt moun."

Finalman, Gouvènè a te konfime 7,917 ka nouvo kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 83,712 ka konfime nan Eta New York. Nan total 83,712 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

<b>Konte</b>	<b>Total Pozitif</b>	<b>Nouvo Pozitif</b>
Albany	240	14
Allegany	9	2
Broome	42	4
Cattaraugus	7	1
Cayuga	3	0
Chautauqua	6	0
Chemung	22	2
Chenango	26	7
Clinton	25	4
Columbia	31	1
Cortland	8	0
Delaware	20	4
Dutchess	547	63
Erie	464	26
Essex	6	2
Franklin	9	0
Fulton	2	1
Genesee	13	3
Greene	18	2
Hamilton	2	0
Herkimer	12	0
Jefferson	12	0
Lewis	2	0
Livingston	14	1
Madison	51	10
Monroe	349	57
Montgomery	7	0

Nassau	9554	1010
Niagara	46	4
NYC	47439	4300
Oneida	50	10
Onondaga	217	23
Ontario	24	2
Orange	1756	200
Orleans	6	0
Oswego	17	2
Otsego	19	1
Putnam	207	21
Rensselaer	43	2
Rockland	3321	458
Saratoga	122	14
Schenectady	93	8
Schoharie	8	2
Schuyler	2	0
Seneca	2	0
St. Lawrence	34	4
Steuben	38	14
Suffolk	7605	892
Sullivan	121	12
Tioga	7	0
Tompkins	68	2
Ulster	221	10
Warren	18	0
Washington	10	0
Wayne	24	5
Westchester	10683	716
Wyoming	10	1

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)